Enter School Letterhead
Chè paran,

Mwen ekri w pou m ba w enfòmasyon sou inisyativ preparasyon nan ka ijans Depatman Edikasyon an ki anvigè nan tout lekòl leta Vil Nouyòk.

Chak lekòl genyen kounye a pwosesis pou ijans. Nan ane 2000, yo te kreye seksyon 2801 lwa sou edikasyon Eta Nouyòk ki egzije pou lekòl yo kreye plan sekirite pou bay repons lè gen ijans. An jiyè 2001, yo te amande lwa a pou egzije plan yo gen ladan enfòmasyon pou evakye ak abrite moun. Dapre lwa sa a, "lekòl yo bezwen fè antrènman ak lòt egzèsis pou teste eleman plan repons lè gen ijans *emergency response plan*" lan. An jiyè 2024 yo te revize Lwa edikasyon an pou mete ladan konsiderasyon pou chòk (trauma) nan fòmasyon ak pratik tout egzèsis ijans yo.

Lekòl nou an gen yon Ekip pou repons nan bilding (*Building Response Team*) ki fòme pou aktive ak reponn diferan ensidan ki ta rive nan lekòl nou an. Anplis, yo fòme manm estaf lekòl yo nan divès pwosedi ki dekri nan Plan sekirite lekòl, epi kounye a n ap fè divès antrènman pandan ane a pou prepare estaf ak elèv nou yo. Seksyon 807 lwa sou edikasyon Eta Nouyòk la egzije tout lekòl pou fè yon minimòm 12 antrènman chak ane. Seksyon 917 lwa edikasyon Eta a di tout lekòl oblije bay ak kenbe ekipman (*Automated external defibrillator*, AED), epi fè antrènman pandan ane a pou evalye itilizasyon inite AED lè gen yon ijans. Dapre seksyon 3623 lwa edikasyon an, yo fè antrènman ki konsantre sou sekirite nan otobis lekòl nan lekòl yo.

Dapre Pwotokòl jeneral pou bay repons (*General Response Protocol*, GRP) lan, chak lekòl ap fè egzèsis espesifik ki la pou ede prepare tout kominote lekòl la pou kat diferan tip repons nan ka ijans ki ka rive: evakyasyon, abrite elèv, ak fèmen elèv anndan lekòl (*lockdow*n).

Trening sou preparasyon pou ijans nan lekòl yo fèt an septanm epi li kontinye pou estaf ak elèv yo pandan tout ane lekòl la. Yo fè trening pou elèv yo dapre klas y ap fè pou asire elèv yo konprann enpòtans egzèsis sa yo san sa pa lakoz enkyetid ki pa nesesè. Dapre apwòch ki konsidere swen pou trauma nou an, egzèsis nou yo p ap gen ladan okenn akseswa, aktè, similasyon, ni lòt taktik ki gen entansyon imite yon fiziyad nan lekòl la, ensidan vyolans, ni lòt ijans. Manm estaf nou yo pral revize aksyon apwopriye swa nan yon egzèsis evakyasyon oswa lockdown pou chita pale sou nenpòt enkyetid oswa laperèz yon elèv ka genyen epi n ap bay paran yo ak moun ki nan relasyon paran yo avètisman konsènan egzèsis nan yon semèn avan chak egzèsis. Egzèsis yo p ap fèt pazavan yo fin bay elèv yo ak manm estaf yo trening chak ane sou pwosedi ijans yo.

Li enpòtan pou fanmi sonje pou yo mete ajou Kat pou kontak nan ka ijans (*Emergency Contact Cards) lan* ki nan dosye nou nan direksyon lekòl la. Nou ankouraje tout elèv tou pou kreye ak kenbe yon Kont Lekòl NYC kòrèk. Enfòmasyon sa a gen ladan pou bay ak mete ajou enfòmasyon ki gen nimewo telefòn ak non adilt lekòl la ka remèt timoun yo si gen yon ijans. Nou ankouraje fanmi tou pou enskri nan Notify NYC (https://a858-nycnotify.nyc.gov/notifynyc/) pou yo ka resevwa enfòmasyon sou aktivite nan ka ijans epi rele 311 pou plis enfòmasyon sou yon lekòl pandan yon ijans.

Nou ankouraje w pou jwe yon wòl nan apwòch ki konsidere trauma nou an lè w revize Pwotokòl Repons Jeneral ki nan lèt sa a. Gen opòtinite pou patisipasyon paran ki disponib nan lekòl nou an pou asire fanmi yo patisipe nan pwogram preparasyon pou ijans ki nan lekòl nou an. Kopi plan sekirite pou paran an disponib nan direksyon an si yo mande epi w ap jwenn enfòmasyon ki eksplike GRP la nan lèt sa a. Gen plizyè lòt resous enpòtan pou fanmi ki disponib tou si w ale nan https://www.schools.nyc.gov/school-life/safe-schools.

Avèk senserite,

Fèy rezime GRPP pou elèv ak pwofesè

Yo fè pwotokòl repons jeneral la (*General Response Protocol*, GRP) (an kolaborasyon avèk fondasyon “i love U guys”) pou founi tout lekòl direksyon pou yo suiv lè yon sitiyasyon ijans rive. Li gen nan baz li itilizasyon l**angaj komen** pou idantifye premye mezi kominote lekòl yo pral pran **jiskaske premye sekouris yo rive**. Nan chak ensidan, administratè lekòl ap bezwen pou evalye sikonstans inik k ap afekte kòman y ap aplike GRP a.

Chak pwotokòl gen aksyon espesifik manm estaf ak elèv ki inik pou chak repons. Nan ka yon elèv oswa yon manm estaf lekòl la idantifye premye menas la, yo mande pou rele 911 ak administrasyon an.



Lockdown (Soft/Hard) – *Soft Lockdown* vle di pa gen danje iminan pou ekip k ap patwouye yo. Ekip administratè, ekip repons bilding lan, ak ajan sekirite lekòl la ap mobilize nan pòs kòmand yo pou tann plis enstriksyon. *Hard Lockdown* vle di yo konnen ke gen yon danje imedya epi PÈSÒN pa pral fè okenn aktivite pou patwouye bilding lan. Tout moun, ladan ajan sekirite lekòl la pral pran aksyon apwopriye epi tann premye sekouris yo rive.
"Atansyon: Kounye a nou nan Lockdown Soft/Hard. Pran mezi ki apwopriye.” (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).

Elèv yo gen trening pou:
1. Kache epi rete an silans

Yo bay **pwofesè** yo trening pou:
1. Tcheke koulwa andeyò salklas yo pou wè si gen elèv, klete pòt salklas yo, epi etenn limyè yo.
2. Ale kote moun pa ka wè w epi rete an silans
3. Tann pou premye sekouris yo ouvri pòt yo, oswa jiskaske w tande yo bay mesaj “All Clear” la. “Yo leve **Lockdown lan” (The Lockdown has been lifted**), avèk kèk enstriksyon espesifik aprè.
4. Fè apèl pou prezans ak konte elèv yo pa wè epi kontakte direksyon an.



Evakye – Sistèm alam difè a se premye alèt pou kòmanse yon evakyasyon. Men, kèk fwa kapab se sistèm PA a ak enstriksyon espesifik ki sèvi kòm premye alèt pou evakyasyon. Anonsman ap kòmanse avèk “Attention”, apresa, y ap bay enstriksyon espesifik. (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a.)
Elèv yo gen trening pou:
1. Kite tout bagay epi fòme yon yon sèl liy. Si li fè frèt, yo dwe raple elèv pou pran manto yo lè y ap kite salklas yo. **Elèv ki gen rad edikasyon fizik sou yo P AP retounen nan sal vestyè a.** Y ap mete elèv ki pa gen rad apwopriye sou nan yon kote ki cho pi vit posib.

Yo bay **pwofesè** yo trening pou:
1. Pran klasè evakyasyon an (ki gen fèy prezans lan ak kat asanble yo).
2. Mennen elèv yo nan lokal evakyasyon yo idantifye nan afich egzèsis kont difè a *Fire Drill*.
   KONTINYE RETE ALEKOUT ENSTRIKSYON ANPLIS.
3. Fè apèl epi konte elèv ki pa la.
4. Rapòte blesi, pwoblèm, oswa elèv yo pa wè ba estaf lekòl yo avèk premye sekouris yo lè yo itilize kat asanble yo.



Shelter-In – “Attention. Se yon Shelter-In. Asire ke tout pòt fèmen." (Y ap repete sa de fwa nan sistèm PA a).
Elèv yo gen trening pou:
1. Rete anndan bilding lan.
2. Kontinye travay kòm alòdinè.
3. Suiv enstriksyon presi estaf la

Yo bay **pwofesè** yo trening pou:
1. Fè moun gen plis enfòmasyon sou sa k ap pase a.
2. Kontinye travay kòm alòdinè.
3. Enstriksyon Shelter-In lan ap rete ann vigè jiskaske ou tande mesaj “All Clear”: Shelter-In lan leve “**The Shelter-In has been lifted”**, avèk kèk enstriksyon espesifik aprè.

Manm BRT, moun ki anchaj nan etaj yo, ak estaf Shelter-in lan pral asire tout sòti byen fèmen epi y ap ale nan pòs espesifik yo.



PA BOUJE (HOLD):

Pa gen mouvman nan bilding lan. Tout moun dwe rete kote yo ye jiskaske yo tande "All Clear" (“Tout bagay anfòm.”)

Yo fè **Hold** lè gen yon sitiyasyon anndan bilding lekòl la, epi gen bezwen imedya pou rezoud yon pwoblèm ki **egzije manm estaf, elèv, ak vizitè pou rete an plas epi kontinye travay kòm alòdinè jiskaske yo anonse "All Clear".**

Yo ta ka kòmanse Hold la pou jere yon ensidan nan bilding lan **ki pa** mete kominote lekòl la andanje, oswa nenpòt lè premye sekouris (First Responders) yo mande sa a

Hold pa ranplase yon Soft ni Hard lockdown.

Ekip repons bilding lan (BRT) ak ajan sekirite lekòl yo pral patwouye bilding lan.
Yo pral mennen tout moun yo jwenn nan twalèt, koulwa, eskalye, oswa lobby a nan yon zòn espesyal jiskaske yo fè anons "All Clear".

Yo dwe fè anons yo pou raple tout moun pou pa okipe siyal klòch "fen klas" yo. Pèsòn pa ka antre ni kite salklas ni biwo yo jiskake yo bay anons ki fè konnen "All Clear" epi bilding lan ka retounen fonksyone regilyèman.

Pandan yon Hold, yo dwe enfòme tout moun k ap antre nan lekòl la sou Hold la. Si elèv ap retounen soti nan manje midi, yo dwe eskòte yo nan yon zòn espesyal kote yo ka rete, avèk bon jan sipèvizyon, jistan yo fè anons "All Clear".

Kominike piblik:

Anons kominike piblik pou Hold la se, **"Atansyon, sa a se yon Hold. Tout manm estaf lekòl la, elèv, ak vizitè dwe rete kote yo ye a jiskaske yo tande mesaj "All Clear."** Yo ap repete sa de fwa chak fwa y ap fè anons lan.

Lè yo itilize Hold, y ap bay lòt anons anplis pou:

- bay estaf la enfòmasyon,
- raple tout moun pou pa okipe klòch la k ap sonnen pou fen klas, ak
- raple pwofesè/estaf ke yo ka kontinye avèk enstriksyon/biznis, men yo ka pa kite elèv/estaf antre oswa sòti nan sal yo.

Aksyon: Lè yo fin tande anons Hold la:

Estaf lekòl la dwe:

- *Klete* pòt la.
- Hold (Rete) nan pozisyon oswa kote yo ye kounye a.
- Kontakte direksyon an pou rapòte elèv ki pa t nan klas la lè yo te anonse Hold la.

Elèv/manm estaf dwe:

- Rete kote yo ye a jiskaske yo fè anons "All Clear".
- Inyore tout son klòch ki jeneralman anonse kou a fini.
- Sonje pa gen itilizasyon lese-pase salklas epi tout moun dwe rete nan plas yo jiskaske yo leve Hold la.